# Yàlla dana bëgg ci jaam bi bu lekkee aw ñam mu sant ko ca, bu naanee ag naan sant ko ca

Jële na ñu ci Anas Ibn Maalik -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee ne: «Yàlla dana bëgg ci jaam bi bu lekkee aw ñam mu sant ko ca, bu naanee ag naan sant ko ca».
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne sant gi jaam bi di sant Boroomam ci ay ngëneelam ak i xéewalam daa bokk ci bir yi ñuy ame ngërëmal Yàlla; bu lekkee aw ñam daal di wax: maa ngi sant Yàlla, bu naanee daal di wax ne: maa ngi sant Yàlla.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee